

Aprann fason pou w pa atann pou tout sa w fè bon nèt

Moun ki atann pou tout sa yo fè bon nèt pa dakò pou yo fè erè, kòm rezilta yo fache sou tèt yo e sou lòt moun. Èske w gen tandans atann pou tout sa w fè bon nèt? Si se sa, eseye fè sa ki vin annapre a.

1 IDANTIFYE PWOBLÈM NAN

Chwazi domèn kote w plis gen tandans atann pou w atann fòk sa w fè bon nèt.




LEKÒL

(Si w pa fè 10 sou 10 ou santi w kraze.)



LAKAY

(Lè w ap ranje chanm ou, tout bagay dwe egzakteman nan plas yo. Si gen menm yon bagay ki pa nan plas li, sa kontrarye w.)



AMITYE

(Ou pa tolere pou lòt moun fè erè, sitou moun ou konsidere ki pwòch ou.)



LÒT DOMÈN

Kounye a reflechi sou domèn ou te idantifye a.

Ki fason ou montre w atann pou tout bagay ou fè bon nèt nan domèn sa a?

2 PRAN YON LÒT DIREKSYON

Labib di “sajès ki sot anwo a se yon sajès [...] ki rezonab”.
(Jak 3:17.) Anrapò ak domèn ou sot idantifye a, ki jan w ta ka
pi rezonab konsènan sa w ap atann de tèt ou e de lòt moun?

► Olye pou m

► Mwen ka



3 CHWAZI YON VÈSÈ

Ki vèsè ki pi byen mache ak sitiyasyon w?

☐ “Mache avèk Bondye w la, e [...] fè sa
toutpandan w rekonèt limit ou.” — Miche 6:8, nòt.

☐ “O Ja, si se erè ou t ap gade, kiyès ki t ap ka kanpe
devan w, o Jewova?” — Sòm 130:3.

☐ “Pa gen yon moun ki jis sou tè a ki toujou fè
sa k byen.” — Eklezyas 7:20.

☐ “Tout moun peche, e yo pa rive reflete glwa
Bondye.” — Women 3:23.

☐ “Se pou tout moun konnen nou kòm moun
ki rezonab.” — Filipyen 4:5.

Ki jan vèsè ou chwazi a kapab
ede w lite ak tandans ou genyen
pou w atann fòk tout bagay bon
nèt la?

4

CHWAZI YON MOUN KÒM EGZANP

Kiyès *ou* ta ka chwazi kòm egzannp moun ki rezonab, e poukisa se moun sa a ou chwazi?



“Lè m santi mwen atann pou tout sa m fè bon nèt, mwen eseye panse ak moun mwen apresye yo. Youn nan rezon ki fè mwen apresye yo se paske yo fè m santi m byen lè m bò kote yo. Se sa m vle pou lòt moun panse de mwen tou, e sa fè m gen plis detèminasyon pou m kouri dèyè tandans pou m atann pou tout sa m fè bon nèt.” — Anna.



5

FIKSE YON OBJEKTIF

Nan lit w ap mennen kont tandans sa a, ki objektif ou ta ka fikse?

“Si yon bagay pa mache jan w te vle a, di tèt ou ou te fè sa w kapab. Konsantre sou bon kote ki gen nan sitiyasyon an. Konsidere chak echèk kòm yon posiblite pou w aprann.” — Kara.